

**УОДИБÆСТГИН УН АЛКЕ БОН КУ УИДÆ, УÆД ЕУГУРÆЙДÆР АМОНДГУН БÆРГÆ УИАНÆ!..**

***МАМСУРАТИ Дæбе (1909-1966), Цæгат Иристони адæмон финсæг: «Хуцау адæми уотæ искодта, æма сæ кари ку бацæунцæ, уæд син æнæ кæрæдзей уарзгæ нæййес, æма е æмбесонди рæсугъддзийнадæ æй... Адæм æмзунд æма æмдухæ ку уонцæ, уæд син басæттæн нæййес...» Æмзунд æма æмдухæ ун ба нæ адæми нури уавæрти уæлдай хъæбæрдæр бæргæ гъæуй. Фал исарæхсдзинан?..***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№46 (917) 2023 анзи 9 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман




Нартæ гурикондæй циуавæр адтæнцæ, сæ цардиуаги гъуддæгутæ куд аразтонцæ, уони нæ рагфидтæлтæ дæр куд нæ зудтонцæ – уой дæр нартæн сæ кадæнгити медесмæ гæсгæ. Ка ’й зонуй, еци еугур хабæрттæ хе цæстæй фæууинунмæ дæр бæлдтайуонцæ.

Фал сæ ка исфæлгонц кодтайдæ, уæхæн хузæгæнгутæ кæми адтæй уæди рæстæгути. Уотемæй цудæнцæ рæстæгутæ… Уæдмæ, Хуцау нин нæ адæмæн хуарз кодта, æма, нæ адæми еци бæлдæ ка исæцæг кодтайдæ, уæхæн адæймаг нæмæ фæззиндтæй – Туйгъанти Сафари фурт Мухарбег. Нарти кадæнгитæмæ гæсгæ ци алæмæти дессаг хузтæ исаразта, етæ кæдæй æма кæдæй ардæмæ устур дести æфтаунцæ дзиллити. Куд фурхуæдæфсармæ адæймаг, уотæ Туйгъани-фурт æхуæдæг æ хъазауатон фæллæнтти фæдбæл хебæлхуæцгæ дзоридæ: «Кæд мæнæн мæ бон бацæй нæ адæми Нарти эпоси тухæ æма гъомус уæддæр еуминкъий равдесун, уæд хъæбæр арфиаг дæн Цæгат Иристони АССР-и хецауади сæргълæугутæй, мæнæн ка равардта нæ адæми Нарти эпоси устур мæсугмæ дор байвæруни фадуат…»

Нæ загъд уæмæ æгæр ма фæккæсæд, фал еци хузæгæндти ахедундзийнадæ Нарти кадæнгитæн сæхе æмбæрцæ ’й. Етæ сæхуæдтæ ’нцæ аййевадон Нартиадæ.

Æма еугæр аци анз Цæгат Иристони нимад цæуй Нартиади Анзбæл, уæд, махмæ гæсгæ, раст уодзæнæй æримисун, Нарти кадæнгитæ исцитгин кæнуни арфиаг гъуддаги Туйгъанти Мухарбег куд фескъуæлхтæй, уой. Æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

## НÆ ИРИСТОНИ РАЗАГЪДИ АДÆЙМÆГУТÆ – НÆ НАМУС, НÆ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ



Фæллойнæгæнæг дзилли зæрдæмæдзæугæ цардарæзти сæрбæлтау уодуæлдайæй ка бахъиамæт кодта, уонæй еу адтæй Бутати Савви фурт Хъазбег. Искурдиадæгин ахургонд, хъæппæресгун паддзахадон æма хæдзарадон архайæг, е берæ хуæрзти бацудæй нæ адæмæн. Гъулæггагæн, евгъуд æности 30-аг æнзти репрессити рæстæг æвудæй бастъалдæй. Фал æ ном иронх нæй нæ дзиллæй...

Бутати Хъазбеги райгурдбæл 4 декабри исæнхæст æй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1893-1938). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 3-аг фарсбæл.



Цæгат Иристони адæмон поэт Цæрукъати Ибрагими фурт Александр е ’мдзæвгитæй еуеми уотæ финста: «Зарæг райгуыры фæллойæ, Райсы йемæ дуджы уаг…» Æцæгæйдæр уотæ ке æй, уомæн ба ирдæй-ирддæр æвдесæн æй поэтæн æхе æновудæй фæллойнæ нæ национ поэзий цитгиндзийнадæн. Абони ба ’й уомæ гæсгæ имисæн, æма 12 декабри æ райгурдбæл æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1918-2000). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

**ПРЯМАЯ ЛИНИЯ**



## РАЗГОВОР О НАСУЩНЫХ ПРОБЛЕМАХ ПЕРЕД НОВЫМ ГОДОМ

***Президент Российской Федерации Владимир Путин 14 декабря в прямом эфире подведет итоги уходящего года и ответит на вопросы журналистов и жителей нашей страны.***

Прямая линия в этом году будет совмещена с большой пресс-конференцией, которую Президент традиционно дает перед Новым годом. Ранее такой формат использовался в 2020 году, когда провести оба мероприятия в прежнем виде помешала пандемия коронавируса. Ожидается, что Путин сначала подведет итоги года. В студии часть вопросов озвучат ведущие, а некоторые зададут во время прямого включения из различных российских городов.

Новация этого года – участие Народного фронта в организации «Прямой линии». По этому поводу председатель исполкома движения Михаил Кузнецов сказал, что еще в 2019 году президент поручил Народному фронту работать с массивом обращений, поступающих на его «Прямую линию».

Как отметил Михаил Кузнецов, Владимир Путин сам выберет, на какие вопросы необходимо обратить внимание во время прямой линии. Задача движения – не потерять ни одного вопроса. По словам главы исполкома, Народный фронт будет работать «до последнего обращения», чтобы разрешить все проблемы, какие только возможно.

### КАК ЗАДАТЬ ВОПРОС ПРЕЗИДЕНТУ

В этом году доступны несколько способов отправки обращений главе государства от россиян:

* по телефону 8-800-200-40-40 (звонок бесплатный из любого региона РФ). Если линия занята, сообщение примет автоответчик, и его обработают чуть позже;
* по СМС на номер 0-40-40 (бесплатно);
* в профильных группах в соцсетях «ВКонтакте» и «Одноклассники»;
* на сайте moskva-putinu.ru – в текстовом и видеоформате. Чтобы отправить сообщение, нужно зарегистрироваться на сайте либо войти на него с помощью профиля в упомянутых соцсетях;
* через мобильное приложение moskva-putinu.ru, которое нужно скачать на одноименном сайте, а также в магазинах RuStore и Google.play.

***Иннæ анзæн бюджети проекти куд нисангонд цæуй, уотемæй 2024 анзи июнæй фæстæмæ бюджетон организацити косгути улупа 16 мин сомемæй фæффулдæр уодзæнæй 19 мин сомей уæнгæ. Уæхæн косгути бæрцæ ба нæ республики æй еуæндæс мин адæймаги. Куд ма нисангонд цæуй, уотемæй иннæ анзи бюджети сæйрагдæр æнцæ социалон нисантæ.***

## САГЪÆССАГ ФАРСТА



Экспертти нимадмæ гæсгæ Уæрæсей 2030 анзи уæнгæ нæ фагæ кæндзæнæй дууæ-цуппар миллион косæг къохи. Нæ бæсти нерæнгæ дæр еци кадавардзийнади æвдесæн æй е, æма кустдæтгути игъосункæнуйнæгтæмæ гæсгæ вакансити нимæдзæ исирæзтæй 1,8 хатти, ци мизд син гъæуама федонцæ, уой бæрцæ ба дууæ хатти фæффулдæр æй.

Цæгат Иристони кустдæттæг комитети куд зæгъунцæ, уотемæй аллимæйон кусти бунæтти бази фæууй 1200 бунати, уонæн се ’рдæг – косæг дæсниадтæ: хуйгутæ, шофертæ, слесæртæ, гъаргæнæнти операторртæ, тукангæстæ, хуæруйнаггæнгутæ æма æндæртæ. Уæлдай хъæбæрдæр ба гъæунцæ дарæстæ æма æндæр дзаумæуттæ хуйгутæ.

## ХÆДЗАРИ АРГЪ



Федералон портал «Мир квартир»-и æртасунадæмæ гæсгæ, анзи райдайæнæй нуриуæнгæ Цæгат Иристони хецæн адæймæгути хæдзæртти æргътæбæл бафтудæй 25,7 процентти.

Нуртæккæ нæ республики хæдзари, коттеджи, кенæ дачи рæстæмбес аргъ æй 7,6 миллион сомий (Цæгат Кавкази федералон зилди иннæ регионти хæццæ рабаргæй, е æй тæккæ асландæр аргъ). Зæгъæн, Дагестани хецæн адæймаги хæдзари рæстæмбес аргъ æй 12,6 миллион сомий (анзи райдайæнæй нуриуæнгæ ибæл бафтудæй 32,1 процентти), Цæцæни – 11 миллиони (+6,9%), Мæхъæли – 9,7 миллиони (+20,3%), Кæсæг-Балхъари – 8 миллиони (+16%), Хъæрæсе-Черкесий ба – 7,7 миллион сомий (+7,5%).

## «НАРТИАДÆ»-ЙИ АНЗ



Цæгат Иристони «Нартиадæ»-йи анзи фæлгæти 10-13 декабри цæудзæнæй дуйнеуон фольклорон фестиваль «Арфæ».Архайдзæнæнцæ си Цæгат Кавкази федералон зилди, Абхаз æма Хонсар Иристони фольклорон аййевади профессионалон æма хехъæппæресадон къуæрттæ. Программи ес æртæ номинаций: «Инструменталон исфæлдистадæ», «Музыкалон фольклор» æма «Хореографи». 11 декабри республики районти уодзæнæнцæ хунд коллективти æма районти фольклорон къуæртти еумæйаг концерттæ. 12 декабри 17 сахатти æма 30 минуттебæл адæмон исфæлдистади республикон Хæдзари (металлургти Галауани) уодзæнæй кæронбæттæн концерт, уоми фæууæлахездзаутæ хуарзæнхæгонд æрцæудзæнæнцæ фестивали дипломтæ æма зæрдæбæлдарæн лæвæрттæй. Мадзалмæ уодзæнæй бацæуæн лæвар.

## ХАБÆРТТÆ. ЦАУТÆ. НИСАНТÆ.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Сергей Меняйло дипломтæ æма æхцай премитæй исхуарзæнхæ кодта, наукæ æма техники къабази нæ республики аллианзон конкурси уæлахез ке къохи бафтудæй, еци скъолати ахурдзаутæ æма æригон ахургæндтæ-специалистти. Аци мадзал арæзт цæуй, техникæ æма науки къабазæмæ зингæ æвæрæн ка хæссуй, нæ экономики ирæзтæн нæуæг технологитæ æма методики бакустбæл ка архайуй, еци æригон ахургæндтæ æма специалистти æнтæстдзийнæдтæн аргъ искæнуни фæдбæл. Нури конкурсмæ хаст æрцудæй 13 наукон проекти.

* * *

**Дзæуæгигъæуи æрæги арæзт æрцудæй искурдиадæгин фæсевæди исфæлдистадон еристæ. Зарунæй, кафунæй æма аййевади æндæр къабæзти сæ арæхстдзийнæдтæ бавдистонцæ 10-35-анздзуд æртæсæдæ архайæги. Ка си фæууæлахез æй, уонæн ба уодзæнæй республикон фестиваль «Иристони æригондзийнадæ»-йи архайуни равгæ.**

* * *

Краснодари крайи æма Волгоgради облæсти цæрæг иристойнæгти æхсæнæдти туххæй арæзт документалон киноливти равдист æрæги арæзт æрцудæй Дзæуæгигъæуи. Кинонивти дзубанди цæуй, еци дууæ регионеми цæрæг не ’мзæнхонтæ куд гъæуай кæнунцæ сæ национ хелæдæрундзийнадæ, кутемæй парахат кæнунцæ уоми цæрæг иннæ адæмихæттити минæвæрттæмæ Иристонмæ, нæ маддæлон æвзагмæ, нæ культурæмæ æма не ’гъдæуттæмæ цæмæдесдзийнадæ. Еци кинонивти хъайтартæй уæлдай ма мадзали архайдтонцæ Свердловски, Ростови облæсти, Донецки Адæмон республики, Мæскуи æма Ярославли цæрæг не ’мзæнхонтæ, Бельгий ирæнтти диаспори разамонæг Пухати Родион.

* * *

**Бундорон цалцæги фæсте Дигорай нæуæгæй косун райдæдта сахари 3-аг скъола. Æма си ахури гъуддæгутæ æнхæст кæнуни равгæ фæцæй дæс æма æхсæзинсæй сабийемæн. Зæгъун гъæуй уой, æма аци ахургæнæндонæ иссæй, фæстаг цалдæр анзей дæргъи районы ци скъолатæ цалцæггонд æрцудæй, уонæн сæ цуппæрæймаг. Алцæмæй дæр æнхæст æй, цæмæй кæстæртæ нури доги домæнттæмæ гæсгæ райсонцæ гъæугæ зонундзийнæдтæ.**

## ФОРУМ «УÆРÆСЕ»-Й АРÆЗТ ÆРЦУДÆЙ ЦÆГАТ ИРИСТОНИ БОН




**ДЗАСОХТИ Александр, Сергей МЕНЯЙЛО, БИТАРТИ Вячеслав æма МАМСУРАТИ Таймораз.**

# НÆ АБОНИ ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТÆ – НÆ РАЗМÆЦУДИ НИСАНТИ ФЕДАР БУНДОР

Раздæр ма куд игъосун кодтан, уотемæй 7 декабри Мæскуй адæмон хæдзаради æнтæстдзийнæдти Еугуруæрæсеуон центри равдист-форум «Уæрæсе»-й фæлгæти адтæй Цæгат Иристони Бон.

Еци бон цæгатиристойнаг экспозиций иуазгутæн адтæй равгæ урух æма цæмæдесаг бæстæзонæн, ахурадон, культурон æма региони инвестиций гъомусбæл дзорæг программæ фæууинун.

Цæгат Иристони Бони нисангонд мадзæлттæ 7 декабри арæзт æрцудæнцæ сæуми 9 сахаттемæй ба изæри 21 сахаттей уæнгæ. Æма регионалон стендтæй уæлдай ма мадзæлттæ цудæнцæ цалдæр павильоней фæзуати.

Бæрæгбони программæ райдæдта презентаций мадзалæй, æма си Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** радзурдта республики абони цард æма æнтæстдзийнæдти, уæдта нæ региони идарддæри райрæзти нисанти туххæй.

Бони программи цæмæдесагдæр мадзæлттæй еу, æнæмæнгæ, иссæй нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæмæ гæсгæ арæзт киндзæхсæвæр. Еци бон адæмон хæдзаради æнтæстдзийнæдти еугуруæрæсеуон Центри сæ цард байеу кодтонцæ нæ дууæ æригон æмзæнхони – Хетæгкати Константин æма Хъарданти Анжеликæ. Фæстæдæр Константин æма Анжелики къайадæ исфедар кодтонцæ Мæскуй ЗАГС-и косгутæ.

Уой фæсте павильонти цудæнцæ цалдæр тематикон лекций. Уони фæрци нæ экспозиций иуазгутæ базонгæ ’нцæ Цæгат Иристони туристон гъомуси, Уæрæсей цардарæзти еугур къабæзтæмæ дæр берæ рæстæгути дæргъи агъазиау æвæрæнтæ бахæссæг иристойнæгти, Нарти кадæнгити хъайтарти туххæй хабæртти хæццæ.

Республики Бони рæстæги равдисти арæзт æрцудæй Сергей Меняйлой пресс-конференци дæр. Региони разамонæг дзуæппитæ равардта дзиллон информаций федералон æма регионалон фæрæзнити минæвæртти фарстатæн.

Еци бон ма арæзт æрцудæй берæ æндæр аллихузон мадзæлттæ дæр: нæ национ кърæтæ æма æндæр хуæруйнæгтæ кæнуни, уæдта циллæ сæрбæттæнтæ бийуни мастер-къластæ, адæмон промыслити компанитæ æма хецæн армæйдæснити кустити равдист-æрмукъа, фембæлдтитæ зундгонд спортсментæ æма исфæлдистадон косгути хæццæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, Иристони экспозиций иуазгутæн зæрдæмæдзæугæ адтæй туристон балцæгтæ рамолуни фадуат. Бæрæгбони архайæг адæми нимæдзæй æвзурст æрцудæнцæ цалдæр уæлахездзауи. Етæ фæстæдæр лæвар рабалци кæндзæнæнцæ Цæгат Иристонмæ, базонгæ уодзæнæнцæ æ адæми хуæдбундор культурæ æма æгъдæутти хæццæ, бабæрæг кæндзæнæнцæ республики цæмæдесагдæр æрдзон рауæнтæ.

Республики Бони мадзæлттæ сæ аййевадæй исфедаун кодтонцæ адæмон кæфтити паддзахадон ансамбль «Алан»-и, зартæгæнгути къуар «Алани»-й, Дзæуæгигъæуи Гергити Валерийи номбæл аййевæдти колледжи адæмон инструментти ансамбли, адæмон кæфтити мæскуйаг ансамбль «Алани» æма æндæр исфæлдистадон коллективти иуонгтæ, нæ национ аййевади зундгонддæр архайгутæ.

Нæ республики Бон исфедудта уомæй дæр, æма си нæ номдзуд æмзæнхонти хæццæ архайдтонцæ Цæгат Иристони нури æма раздæри разамонгутæ дæр: **Дзасохти Александр, Мамсурати Таймораз, Битарти Вячеслав æма Сергей Меняйло.**

## ЗОНУЙНАГ



### ÆФСАДИ РÆНГЪИТÆМÆ ЦÆУЙНАГ ФÆСЕВÆДÆН – БАРАДОН АГЪАЗ!..

Зундгонд куд æй, уотемæй алли анз дæр уалдзæги арæзт фæццæуй фæддздзурд Уæрæсей Æфсади рæнгъитæмæ. Еци рæстæг ци фæсевæди байагорунцæ, уонæн сæхецæн дæр æма сæ нииййергутæн дæр аци гъуддаг кæд лæдæрд æй, уæддæр си кæмæдæрти фæззиннуй аллихузон фарстатæ. Уонæн бæлвурд æма æнхæст дзуæппитæ раттуни туххæй Дзæуæгигъæуи гарнизони æфсæддон прокуратури **(адрес: сахар Дзæуæгигъæу, Къостай проспект,166, тел. 8-8672– 25-73-112)** рази арæзт æрцудæй Консультативон барадон центр. Æ нисанеуæг – æфсади рæнгъитæмæ кæмæ гъæуама фæдздзоронцæ, уони бартæ ихалуни цаутæ не ’руадзуни æма сæ уомæй багъæуай кæнун.

Центри куст цæуудзæнæй аци анзи кæронмæ, авдисæрæй майрæнбонмæ **9-13 сахаттемæ æма 14-18 сахаттемæ.**

Никки ма хецæн адæймæгутæ сæ фарстати фæдбæл фембæлæн уодзæнæй Дзæуæгигъæуи гарнизони æфсæддон прокуратури кезухæссæг афицери хæццæ **9 сахаттемæй ба 19 сахаттей уæнгæ**, Дзæуæгигъæуи ка цæруй, уонæн уæхæн равгæ уодзæнæй аллибон дæр.

Хецæн адæймæгути сæ фарстати фæдбæл, уæдта организацити, паддзахадон æма бунæттон хеунаффæйади оргæнти минæвæртти Дзæуæгигъæуи гарнизони æфсæддон прокурор, юстиций болкъон **Сулейман Амиргамзай фурт Сулейманов** æмбæлдзæнæй цуппæрæни **9 сахатти æма 30 минуттемæй 13 сахаттемæ**, уæдта Дзæуæгигъæуи гарнизони æфсæддон прокурори хуæдæййевæг, юстиций дæлболкъон **Хубиати Денис Петри фурт** æртиккæги **9 сахатти æма 30 минуттемæй 13 сахаттей уæнгæ.**

***ХУБИАТИ Денис,***
***Дзæуæгигъæуи гарнизони æфсæддон прокурори ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг, юстиций дæлболкъон.***

**Абони, 9 декабри бæрæггонд цæуй коррупций нихмæ тохи Æхсæндуйнеуон бон. Цума, аци мадзал ести фæййагъаз уодзæнæй коррупций еминæ искунæг кæнунæн? Магъа-магъа...**



Дзæуæгигъæуи БУТАТИ Хъазбеги номбæл 24-аг скъола.

# Æ ХЪАЗАУАТ АДТÆЙ АДÆМИ СÆРБÆЛТАУ



**ДЗИДЗОЙТИ Валерий,**
**историон наукити доктор, профессор.**

Æ кæдзос ном æностæмæ цитгийнагæй кæмæн байзайдзæнæй, æ фæстагæнттæ зæрдиагæй ке имисдзæнæнцæ, нуриуæнгæ æма ма идарддæр дæр ке наукон куститæй пайда кæндзæнæнцæ, уæхæн адæймаг адтæй Бутати Савви фурт Хъазбег. Æ дзамани, 1920 анзи июли, Уæрæсейаг Коммунистон партий (большевикти) Терки облæсти организацион бюрой нимæрдар, 1920 анзи декабрæй 2021 анзи апърели уæнгæ ба Хуæнхон Автономон Советон Социалистон Республики партий Иристойнаг зилди комитети бæрнон нимæрдар Бутай-фурт адтæй агъазиау разамонæг, ахургонд, профессор, æ карнæ æ цардгъондзийнади тæккæ тæмæни æверхъау кæмæн рауадæй, уæхæн разагъди адæймаг.

Бутати Хъазбег райгурдæй 1893 анзи 22 ноябри Салигæрдæни гъæуи Терки облæсти. Е 1917 анзи разамунд лæвардта Уæрæсейаг Коммунистон партий (большевикти) сосæг комитетæн Терки облæсти. Еци анз каст фæцæй Петербурги æфсæддон-инженерон училище. Советон хецаудзийнадæ Терки фæстæмæ ку иснæуæг æй, уæд Бутай-фурти исфедар кодтонцæ Иристойнаг зилди тугъдон комиссарæй. Уæрæсейаг Коммунистон партий Кавказаг крайкоми унаффæй иссæй Дзæуæгигъæуи сахари партион организаций нимæрдар.

Бутати Хъазбеги 1920 анзи равзурстонцæ партий Иристойнаг зилди нимæрдарæй. Уæд еугур партионтæ дæр архайдтонцæ бунæтти советон хецаудзийнадæ исфедар, хуайрагæй æфсадуни фарста банивæбæл, зæнхи фарста практикон æгъдауæй ралух кæнунбæл. Уоми бакуста Хуæнхон республики фæззинди, 1921 анзи апърели уæнгæ. 1921 анзи феврали архайдта Терки облæсти 1-аг конференций, уоми æ радзубандийæй адæми æхемæ æригъосун кодта. Конференцийæн разамунд лæвардта Сергей Киров.

Уæрæсейаг Коммунистон партий Хуæнхон партион организаций 1-аг конференций 1921 анзи апърели Хъазбеги равзурстонцæ партий Хуæнхон комитетмæ, агитацион-пропагандистон хайади разамонæгæй. Уой фæсте адтæй рохсади Адæмон комиссаради разамонæг. Уæдмæ е 'нæнездзийнадæ ке фæллæмæгъ æй, уой туххæй æй 1921 анзи фæззæги исуæгъдæ кодтонцæ аци кустæй. 1921 анзи августи Бутай-фурт радзубанди кодта Хуæнхон облæсти партион 2-аг конференций. Еци рæстæги æ партион-æхсæнадон куст баст адтæй республики социалон-экономикон æма политикон царди хæццæ.

Хъазбег 1922 анзи æрлæудтæй Хуæнхон республики Хуайраги Адæмон комиссаради сæргъи. Берæ хъауритæ равардта е 'мбæлтти хæццæ, цæмæй хуайраги паддзахадон фондтæ фæгъгъæздугдæр уонцæ, æстонг адæммæ агъаз хъæрта. Хуайраги фарстатæ лух кодта, акционерон æхсæнадæ «Дзолипродукт»-æн разамунд дæтгæй дæр. 1924 анзи Бутати Хъазбеги равзурстонцæ Уæрæсейаг Коммунистон партий (большевикти) Цæгат Иристони облæсти нимæрдарæй.

Кæд æма Бутай-фурти искурдиадæ берæвæрсуг адтæй, уæддæр, фиццагидæр, адтæй экономист-теоретик. Ахур кæнун æй хъæбæр фæндадтæй, æма 1925 анзи, æ кари угæй, ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй Сурх профессури экономикон институтмæ. Куд ахур кодта, убæл дзоруй уæхæн цау. Ци семинари архайдта, уой унаффи си уотæ загъд ес: «Хуæдбарæй наукон-æртасæн куст кæнунмæ цæттæ 'й. Мах куд нимайæн, уотемæй гъæуама кæна наукон куст советон экономики фарстати фæдбæл...»

Бутати Хъазбег айдагъ æхуæдæг нæ ахур кодта, фал иннетæн дæр амудта марксизм Бухарини номбæл рабфаки, Свердловски университети, адæмон хæдзаради институти æма æндæр рауæнти. Ярославли педагогон институти разамунд имæ барвистонцæ уæхæн финстæг: «Бознæ дин, «Æхсæйнаг доги медес»-и туххæй дæ радзубандий фæдбæл. Æрмæг хегъæдонæй равдистай, цурд æма 'й æскъæфгæ хузи радзурдтай, ка дæмæ игъуста, уони зæрдитæ дæхердигæй фæккодтай. Ци фарстатæ рахастай рæнгъæмæ, уонæмæ адæм исцибæл æнцæ, нур студентон къуæртти уони туххæй дзорунцæ».

Теоретикон наукон æртасæнти искурдиадæгин угæй, æ равналæнтæ никки хъæбæрдæр фæззиндтæнцæ æ наукон кустити æма публицистики. Етæ 'нцæ Иристони, Цæгат Кавкази хæццæ баст: «Октябрь – Иристони», «Хуæнхон республики политикон æма экономикон уавæр», «Цæгат Кавкази хуæнхаг адæми 'хсæн æхсæнадон æзмæлд» æма æндæртæ. Мадта Бутай-фурт уæди рæстæги берæ æндæр ахургæндтæй уæлдай бустæги æндæрхузон цæстингасæй кастæй товарон хæдзаради зиндзийнæдтæмæ, товарон-æхцай рахаститæмæ, æхцай аргъмæ. Е адтæй хумæтæг товарон хæдзаради æхсæнадон æрдзæмæ еци-еу цæстингасæй кæсуни нихмæ, æ хатдзæгмæ гæсгæ, уоми бæрæг æй нихмæлæуди еудзийнадæ.

– Листæг товарон кустадæ бæрæг даруй кустадон фæрæзнити æма косæг тухи еудзийнадæй. Косæг тухи хецау аразæг æй, еци-еу рæстæг е æй кустади фæрæзнитæуадзгути æма косæг тухи хецау... Хе есбони бундорбæл кустади фæрæзнити хецау ун æй капиталисттæмæ хæстæгдæр кæнуй. Косæг тухи хецау дæр ке æй, е ба 'й косгутæмæ хæстæгдæр кæнуй. Е сæ еудзийнадæ 'й. Уоми римæхст æй æ дувæрдзийнадæ, уотемæй уоми ес листæгтоварон кустади капиталистон æма æнæкапиталистон эволюци, – финста Бутати Хъазбег.

Нуртæккæ минкъий амалгъонади пайда кæнунцæ аци товарон кустадæй. Бутай-фурт нæ адтæй къæбинетон ахургонд-теоретик, е практикон æгъдауæй архайдта аллихузон къабæзти.

Еу рæстæги æй рарвистонцæ Сурх профессури институтмæ. Мæнæ æ автобиографий куд финста: «Институтмæ байрæги кодтон æма 1925 анзи январи бацудтæн уæгъдебарæ игъосæгæй. Фæййахур си кодтон маймæ, уæдта мæ рарвистонцæ Микояни номбæл къурситæмæ Железноводскмæ. Уоми ахургæнæгæй фæккустон, еци-еу рæстæг мæхе цæттæ кодтон Сурх профессури институтмæ бацæунмæ фæлварæнтæмæ.

Институти игъосæг угæй, æз кустон Плеханови номбæл институти экономикон факультети деканæй (1928-1929 æнзти), амудтон политэкономи æма советон экономики къурс Свердловски университети марксизми къурсити, Цæгат Кавкази Микояни номбæл Ленинон къурсити æма Плеханови номбæл институти. Сурх профессури институт каст фæууогæй мæ исфедар кодтонцæ газет «Экономикон цард»-и разамонæги хуæдæййевæгæй. Газети райарæзти фæсте, 1930 анзи Центрон Комитети фæндæй рацудтæн Советон Цæдеси Адæмон Хæдзаради Сæйраг Советмæ, еугонд пъланти сектормæ, уоми фæккустон 1930 анзи кæронмæ».

Бутати Хъазбег 1931 анзи райдайæни нисангонд æрцудæй Коммунистон академий экономики институти директори хуæдæййевæгæй, 1932 анзи ба иссæй Сурх профессури экономикон институти разамонæг, еци-еу рæстæг адтæй журнал «Экономики зиндзийнæдтæ»-йи бæрнон нимæрдар. Экономикон институти кодта советон экономикæ æма политэкономий семинартæ. Цалдæр хатти дзиллон радзубандитæ кодта Коммунистон академий. 1934 анзи адтæй «Сурх профессури институти» журнали редактор.

Ахургæндти къуарæн 1934 анзи ихæсгонд æрцудæй Урайлаг-Кузбассаг фарстай фæдбæл хатдзæгтæ искæнун, сæ зæрди адтæй еугур Наукон-æртасæн институти, хæдзарадон оргæнти конференци исаразун. Бригадæн разамонæг адтæй Бутати Хъазбег. Иннæ экономистти хæццæ 1932 анзи кодта доклади финститæ, хæдзарадон косæндæнтти æрмæгути бундорбæл фæлтæрддзийнадæ нимайгæй, рæнгъæмæ хастонцæ агъазгæнæг амунддзийнæдтæ.

Бутати Хъазбег 1934 анзи сентябрæй 1936 анзи февралмæ, лæудтæй Цæгат Иристони облæсти партий комитети сæргъи. Еци рæстæг Иристони дзиллæ дæр, Советон Цæдеси еугур цæргути хузæн, дуккаг фондзанзони пълан царди уадзунбæл кустонцæ. Уæд гъæуама Цæгат Иристони искустайуонцæ 50 промышленнон заводемæй фулдæр. Сæ ахедундзийнадæ адтæй айдагъ республикон нæ, фал еугур паддзахадон. Партий обкоми сæргъи угæй, Бутай-фурт промышленность æма культури ирæзтæн исаразта берæ ахсгиаг гъуддæгутæ. Уæлдай æргом æздахта адæми царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунмæ.

Фиццаг нимæрдари бунатæй æй ку исуæгъдæ кодтонцæ, уæд куста партий Крайкоми транспортон хайади хецауæй. 1937 анзи адтæй Еугурцæдесон пъланон академий профессор æма директори хуæдæййевæг. Еци анз ахæст æрцудæй, рахастонцæ ин маруни тæрхон. Бутати Хъазбег æ рæстæги ци размæцуд гъудитæ рахаста, уонæн нур дæр сæ ахедундзийнадæ бæрзонд æй. Е æновуд æма еузæрдиуон адтæй Коммунистион партий гъудитæбæл, кæддæриддæр уодуæлдайæй архайдта уони царди æнтæстгинæй уадзунбæл.

Уоййасæбæл рæстзæрдæ, нæ адæми амонди сæрбæлтау рæстуодæй хъазауатгæнæг адæймаг, гъулæггагæн, æвудæй иссæй æ рæстæги æгъатир репрессити амæттаг. Хуарз æма æрцудæй уæхæн рæстæг, æма æ рæстдзийнадæ исбæрæг æй, æ рохс ном цитгингонд æрцудæй. Иронх нæй нæ дзиллæй. Дзæуæгигъæуи æ ном хæссунцæ гъæунгæ æма 24-аг астæуккаг скъола. Нæ зæрдæ дарæн, æма ма никкидæр æндæр хузи дæр ма æносонгонд æрцæудзæнæй æ ном.

## АДÆЙМАГИ ЦАРДВÆНДАГÆН АРГЪГÆНÆГ РÆСТÆГУТÆ ÆНЦÆ

**ХЪИБИЗТИ Феликс, Дзæуæгигъæуи Бутати Хъазбеги номбæл 24-аг скъолай директор:**

– Не скъола Бутати Хъазбеги ном ке хæссуй, уомæй, еуемæй, сæрустур ан, иннемæй ба нæ е хъæбæр ихæсгин кæнуй – гъæуама алцæмæйдæр аккаг уæн уæхæн цитгин лæги ном хæссунæн. Никки – нæ педагогон коллективæн е æй агъазиау фæрæзнæ нæ кæстæрти гъомбæладон кусти. Архайæн, цæмæй зононцæ Бутай-фурти курухондзийнади хабæрттæ æма 'й фæнзонцæ. Цæмæй æй фæнзонцæ, уæхæнæй ба уомæн æ карнæ хъæбæр æнхæст æй. Искурдиадæгин ахургонд, паддзахадон зингæ архайæг, уомæн, æ цардвæндаг кæд æгæр цубур рауадæй, уæддæр ин бантæстæй берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхун. Уадзæ æма 'й кæстæртæ дæр фæнзонцæ ахурбæл тулаваст, Фидибæстæбæл рæстуодæй унæй, æ сæрæбæлтау хъазауат кæнунæй. Мах скъола бундоронæй исцалцæггонди фæсте æрæги райдæдта косун æма нæ зæрди ци нæуæгдзийнæдтæ исаразун ес, уонæй еу æй сæрмагонд рауæн исфæлгонц кæнун, цæмæй уоми нæ ахурдзаутæн уа равгæ Бутай-фурти цардвæндаги туххæй æрмæгути хæццæ зонгæ кæнун.







Авиаций инæлар-болкъон, ССР Цæдеси Паддзахадон премий лауреат, техникон наукити кандидат Мамсурати Геуæргий фурт Юрийи райгурдбæл 12 декабри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1918-2004).

***МАМИАТИ Изетæ, филологон наукити кандидат: «Фидтæлти уодварни гъомусадæ гъæуама исæфт ма уа – уобæл æ уодæй уод кодта Туйгъанти Мухарбег. Еци нисани хæццæ æ искурдиади уедæгтæ арф бахизтæнцæ адæми царди историй, æ мифопоэтикон-магион дуйнейуинунади.***



Сатана



Сирдон

# «ÆНОСОН ЦАРДÆЙ ÆНОСОН КАДÆ ХУÆЗДÆР ÆЙ!..»

## НАРТИ ЭПОС ТУЙГЪАНТИ МУХАРБЕГИ ИСФÆЛДИСТАДИ

Нæ адæми намусгин евгъуд цардиуаги ахсгиагдæр уодварнон хæзна – «Нарти эпос»-и аййевадон хузи æвдист æрцудæнцæ Фидибæстæ, фидиуæзæг уарзун æма æ сæрбæлтау æновудæй архайун, адæмти ’хсæн еудзийнадæ æма хæлардзийнади гъуддæгутæ, рæстдзийнадæ, æхсарæ, æгадæ цардмæ æнæуинон цæстæй кæсуни менеугутæ.

Нарти эпос аййев хузæкæнуйнадæн æй æнæисусгæ игурæн, дзурди дæснитæн е æй сорæттæ, мотивтæ æма темити гъæздуг хæзнадонæ.

Эпосæн æ аййевадон фæрæзнитæ æнцæ аллихузон æма тухгин. Æ алли циклидæр бæлвурдæй зиннунцæ аййев хузæвдесæг эпитеттæ, зæгъæн: «бор хонх», «сау хонх», «сугъзæрийнæ дзиккотæ» æма уотæ идарддæр.

Рæсугъд хуарæнти фæрци Нарти кадæнгити иссерæн ес æрдзи аллихузон хузтæ. Зæгъæн, «Ацæмæз æма Агундæрæсугъд»-и кæсæн:

*Сау хъæд тъыфылтæй хæрдмæ*
*хауын байдайы, –*
*Гæмæх къуылдымты, гæмæх*
*æрдузты,*
*Æппын кæм нæ зад кæрдæджы*
*хал дæр,*
*Уым ныр куы равзæры зæлдаджы*
*хуызæн.*
*Гæмæх быдырты рæсугъд*
*дидинджытæ*
*Сæ хъулон сыфтæ уæд куы*
*радардтой,*
*Æмæ, гуыв-гуывгæнгæ,*
*мыдыбындзытæ*
*Дидинджыты мыд цъирын байдыдтой.*
*Сау хъæды мæргътæ алы*
*хъæлæстæй*
*Къуыззиттуастгæнгæ сау хъæд*
*сæ сæрыл*
*Исын байдайынц, – нарты Ацæмæзæн*
*Рæсугъд ныхъхъырнынц йæ*
*рæсугъд зарджытæн…*

Нарти эпосмæ сæ гъос раги æрдардтонцæ хуæздæр хузæгæнгутæ, уонæн е иссæй агъазиау аййевадон уадзимистæ исфæлдесуни гæнæн. Еци хузæгæнгутæй еу æй Туйгъанти Мухарбег. Æ генион уадзимистæ исаразуни агъоммæ е Нарти эпос исахур кодта лæмбунæг, историон æгъдауæй.

Кадæнгити мингай варианттæ кæрæдзебæл баргæй, къамис æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ: бæгъатæр нарти туххæй цидæриддæр варианттæ адтæй, етæ ’нцæ, кæддæр æ рæсугъддзийнадæй деси ка æфтудта, фал цубур рæстæгмæ æ раздæри хузæ кæмæн нæбал ес, уæхæн агъазиау бæстихаййи ихæлдздзæгтæ, – финста Туйгъанти Мухарбег. Æма æ аци загъди ес арф гъуди, аци фарста æртасæг косгути аразуй раст надбæл эпоси еуæйеу æбæлвурд фарстатæ раст ралух кæнуни гъуддаги.

Æцæгæйдæр, эпоси еугур сорæттæ, адæм сæ куд исаразтонцæ, махмæ уотемæй не ’рбафтудæнцæ, æрцудæй си устур æййивддзийнæдтæ.

Туйгъанти Мухарбеги конд хузтæ ахур кæнгæй, зин балæдæрæн нæй, уой хузæн ке неке балæдæрдтæй Нарти эпоси адæмон уодиконд, æ бæгъатæрон рахаст. Хузæгæнæгæн æ агъазиау искурдиади фæрци бантæстæй аййевадон æгъдауæй нæ евгъуд дзамантæн сæ цæмæдесдзийнадæ æнхæстæй равдесун. Æ дессаги реалистон хузтæй ном кæнуй æ адæмæн, уомæн æ цитгин историйæн. Хузæгæнæг æргом кæнуй эпоси идейон медес. Мухарбеги хузти бæлвурдæй уинæн нарти цард. Таурæхътæй ист эпизодтæ уотæ рæсугъд æма тухгин фæлгонцгонд æнцæ хузæгæнæги къохæй, æма сæ æнæгъæнæй ка нæ бакастæй, еци адæймаг дæр æй балæдæрдзæнæй, таурæхътæ цæбæл дзорæг æнцæ, уой, æма æ зæрдæй некæдбал исцох уодзæнæнцæ. Æхсар æма Æхсæртæг куд фæммард æнцæ, уой туххæй эпоси кæсæн: «Æхсæртæг æваст æ хъæма фелваста. Ниццавта хъæмай æ тухæ æ бонæй. Æма си е ’нсувæр Æхсари рамардта…»

Мухарбеги конд хузи Æхсар æма Æхсæртæги уинæн мардæй. Дзерассæ сæбæл ниддæлгоммæ ’й æма æхе кæунæй маруй. Хузи сæйраг бунат ахæссуй



**ТУЙГЪАНТИ МУХАРБЕГ:**

***«Цæйбæрцæбæл арфдæр нихъулдтæн Нарти кадæнгити, цæйбæрцæбæл бундорондæрæй ахур кодтон зæронд цард æма е ’гъдæуттæ, уоййасæ ми хъæбæрдæр æруагæс кæнун райдæдта: Нарти эпос æй нæ адæмæн æхе сæрмагонд исфæлдистадæ...»***



Æхсæртæги агъазиау гурæ, æ реугудур ин байгарста, æма гъæдгинæй тог фемæхстæй. Адæймаги цæстингас æхемæ æздахуй Дзерассæ дæр. Сæ алфамбулай æрхунæй фегуппæг æнцæ денгиз, хуæнхтæ, арв, мæргътæ.

Аци дессаги хузæй бæрæг æй, Туйгъанти Мухарбег ке тундзуй Нарти эпос реалистон æма психологон уагæбæл æвдесунмæ. Æ еци тундзундзийнадæ æнгом баст æй уадзимисти композицити декоративон рахасти хæццæ.

Нарти эпосбæл æртасæн куст ка кæнуй, айдагъ етæ нæ, фал таурæхътæ ци адæм кæсунцæ, уонæмæ дæр тæккæ дессагдæр сорæтбæл нимад æй Сатана, эпоси тæккæ сæйрагдæр æма уарзондæр архайгутæй еу.

Сатанай сорæт аййевадон æцæгдзийнади æгъдауæй уойбæрцæ дессаг, уойбæрцæ тухгин æй, æма æ мифологон медес адæймагæй æрбайронх уй, мах фæууинæн, матриархати догæ æ тæккæ тæмæни ку адтæй, уæди рæстæги тухгин силгоймаги. Æцæгæйдæр, Сатанай сорæти бæрæг æнцæ силгоймагæн æ еугур растауйнаг менеугутæй беретæ.

Адæм раст аргъ кæнунцæ Сатанайæн, гъома, е адтæй зундгиндæрти-зундгиндæр, зæнхи цъарæбæл рæдаудæрти-рæдаудæр, æ рæсугъддзийнадæй тар æхсæвæ дæр ниррохс уидæ, æ дзубанди ба топпи фати хузæн æ нисанеуæгбæл æнæцъерфæй исæмбæлидæ. Сатанай ку бафæндæуа, уæд ниууардзæнæй мет, исистдзæнæй зелгæ-думгæ. Сатана лæдæруй мæргъти æвзаг, уинуй, дуйней цитæ цæуй, уони.

Профессор Абайти Васо куд финста, уотемæй Нартæн уæн ес, сæ бæгъатæртæй æнæ кæмæйдæрæй, е сауæнгæ сæ тæккæ сæйрагдæртæй ку уа, уæддæр. Гъе æцæг син уæн нæййес æнæ Сатанайæй. Уомæн æвдесæн æй, эпоси Сатанай рамарди туххæй ке неци загъд ес, е. Сатана æй æнæмæлгæ, растдæр зæгъгæй ба, е цæруй, цалинмæ Нарти муггаг цæруй, уæдмæ.

Сатанай сорæт Туйгъанти Мухарбег уæлдай арæхстгиндæрæй æвдесуй нарти кувди – Урузмæг Сатанай хæццæ рахецæн унбæл ку ниллæудтæй, уæд Сатана æхуæдæг ци кувд исаразта, уоми.

Кувди адæми астæу Сатана федауцæй лæууй, æ къохи бæгæний хъалац, уотемæй æма адæммæ игъæлдзæгæй, уарзон цæстæй кæсуй. Æ рази тумбул фингæ, алли хуæрдæ æма ниуæзтæй идзаг. Хузи тæккæ зингæдæр бунати уинæн Урузмæги. Е амонуй кæстæрти ’рдæмæ. Кувди


Нарти мæлæт


Æхсарæ æма Æхсæртæгги мæлæт

адæмæн разамунд дæттуй Урузмæг. Финги фарсмæ бадунцæ дууæ зæронд лæги. Еу хуæцуй къосбæл æма, æвæдзи, ковуй. Адæм имæ нийгъустонцæ. Æ фарсмæ ци хъæрæу зæронд лæг бадуй, уобæл хуæцуй æндæр зæронд лæг; еу æригон биццеу Сатанамæ æнахур кæститæ кæнуй, хъæрæуи æрбахонуй. Аци рауæн хузæгæнæг хъæбæр хуарз равдиста нарти æгъдау – кувдмæ адæми сæ еугурей дæр хонун, устурæй-минкъийæй æ бон æрцæун кæмæн нæй, уонæн ба хæйттæ сæ хæдзæрттæмæ æрветун. Еци æгъдау нæ адæммæ абони уæнгæ дæр ма æй. Хузи хуарз æвдист æрцудæнцæ кувди бадæг адæми игъæлдзæгдзийнадæ, фусунтæ рæдау æма иуазæгуарзон ке ’нцæ, фингити бæркадæн ниггæнæн ке нæййес, етæ.

Æнæ зæгъæн нæййес, Туйгъанти Мухарбег Сирдони сорæт кæми исфæлгонц кодта, еци хузтæй еуей туххæй дæр. Сирдон нартæбæл еудадзугдæр гадзирахаттæй цæуй, нартæ æй сæ «фидбилиз» дзæгъæли нæ хонунцæ. Е ’ртæ фурти Хæмици къохæй ку бастъалдæнцæ, уæд уой фæсте Сирдон коруй нартæй, се ’хсæнмæ ’й куд бауадзонцæ. Æ фурти æстæгутæй æхецæн дууадæстæнон фæндур искодта, нарти ’хсæн исбадтæй æма е ’намонддзийнадæбæл зарунтæ райдæдта.

Нийгъосунцæ нартæ Сирдони зæрдихалæн зартæмæ æма ин æ курдиадæ исæнхæст кæнунцæ, кæд син фидбилизи хуасæй æндæр неци ’й, уæддæр.

«Зæрдрист бæрзонд æма ездон кæнуй адæймаги, – финсуй Абайти Васо, – сауæнгæ фудгæнгути дæр. Мах уинæн, æ зини сахат Сирдон иссæй, адæймаг барææнæбари дæр устур аргъ кæмæн кæнуй, уæхæн зинтæфæууинæг лæг. Е искодта фæндур, исаразта ин æ дууадæс тæни æма райдæдта зарун æ зиндзийнади таурæхъ. Зар игуруй гъезæмæртти – æвæдзи, еци дессаги эпизодæн уæхæн æй æ гъуди. Сирдони кæун, æ фæндури цагъд бахъæрдтæй сауæнгæ тузмæг нартæмæ дæр, сæ зæрдитæмæ син багъардта».

Адæмон хузæгæнæг Туйгъанти Мухарбег исхузæ кодта еци зæрдæмæгъаргæ усмæ. Хузи раззаг пълани уинæн Сирдони æд фæндур; æ гури конд, æ цæсгони бакаст дзорунцæ е ’нæкæрон зиндзийнадæбæл. Сирдони кæунмæ нартæ зæрдихæлдæй лæуунцæ æ алфамбулай, сæ сæртæ æруагътонцæ, уотемæй имæ нийгъустонцæ.

Цалдæр дзурди Батраз æма Алæфи тох ци хузи уинæн, уой туххæй дæр. Æндонреу Батраз Алæфи цонг исæздухта – Алæф, Сохъхъур уæйуги фурт, нарти фæсевæдмæ фæрсмæ кæститæ ке кодта, уой фæдбæл.

Батраз æй уæйуги асæ, æ цонги хæцъæфтæ бæлвурд бæрæг дарунцæ. Æзгъæр тохæндзаумæуттæй ефтонг. Батрази сорæти еугонд æрцудæй нарти бæгъатæрти уæлиуондæр бæрцбарæн. Батраз æй æгæрон тухи хецау, æхсаргин тугъдон, æ адæми знæгтæн нæ хатир кæнуй. Алæф, устур хъаури хецау уогæй, æй илгъаг, нецæййаг.

Хузи медæгæ нартæ кафунцæ Батраз æма Алæфи алливарс.

Нартæ исфæндæ кодтонцæ Хизи æлдари нихмæ стæри фæццæун. Зæрдæмæдзæугæ конд æй аци хузæ дæр. Нарти адæм сæхемæ нæ ’нцæ, уой базонгæй Хизи æлдар раскъафта Сослани рæсугъд уоси. Æма нур нартæ, Сослан сæ разæй, уотемæй рараст æнцæ Хизи федармæ, фал сæргубурæй фæстæмæ æрбаздахтæнцæ. Уæдмæ фæззиндтæй Батраз, нартæмæ фæдздзурдта, стæри цæун гъæуй, зæгъгæ.

Хузи сæйраг бунат ахæссунцæ æртæ хъайтари: Батраз, Урузмæг æма Сослан. Батраз æ тугъдонти размæ лæууй æвæлмастхузæй, нифсгунæй. Урузмæг арф гъудити бацудæй. Сослани бакаст æй мæстгун, е ’фхуæргутæмæ æнæуинондзийнадæй е ’дзаг. Нур ба æркæсæн Туйгъанти Мухарбеги конд Ацæмæзи хузæмæ. Ацæмæз лæууй къæдзæхи сæрмæ æма уоми уæлиндзæй цæгъдуй æ уадиндзæй. Æ бакомкоммæ сау хонх, уой сæрмæ цæруй Сау хонхи хецау Сайнæг æлдар æ рæсугъд кизгæ Агунди хæццæ. Ацæмæз æ дессаги зартæй гъавуй кизги зæрдæ балхæнунмæ. Биццеуи алливарс æрæмбурд æнцæ гъæддаг сирдтæ, мæргътæ, етæ цагъдмæ иселлæг унцæ – сæ базуртæ ниппарахат кæнунцæ æма сæ телунцæ, хъиллиппитæ кæнунцæ, кафунцæ.

«Æцæгæйдæр, – финста Абайти Васо, – еци уадиндзи цагъдæй æносон цъететæ дæр тайун райдайунцæ; дæнттæ сæ билгæрæнттæй райвулунцæ, къæдзæхти фæрстæ цъæх-цъæхид фестунцæ, игуæрдæнти деденгутæ исæрттевунцæ, гæлæботæ æма мудибиндзитæ се ’хсæнти ратæх-батæх байдайунцæ: æрситæ сæ зуймон тарфунæйæй райгъал унцæ æма сæ лæгæттæй рабурунцæ…»

Аци хузæмæ кæсгæй, адæймаги зæрдæбæл æрбалæуунцæ æндæр адæмихæттити эпости ауæхæн сорæттæ – зæгъæн, æ зар æма фæндури цагъдæй сауæнгæ гъæддаг сирдти дæр æхемæ ка æригъосун кодта, еци бердзейнаг Орфей, цæститæбæл ма рауайунцæ Вяйнямейнен карелофиннаг поэтикон кадæнгити æмбурдгонд Калевалæй, Садко уруссаг таурæхътæй...

Нартæ зæнхон адæмæй сæ тухæ ке хæццæ нæ равзурстонцæ, уæхæн син нæбал байзадæй. Æма син уæд сæ фидбилиз Сирдон баунаффæ кодта Хуцауи хæццæ истох кæнун.

Нартæ исхуæстæнцæ Хуцауи нихмæ. Дзæвгарæ рæстæг Хуцау неци амал еруй нарти басæттунæн – еуемæй хуæрзарæхст æнцæ, иннемæй ба се ’знагбæл хийнæй цæунцæ æма уой фæрци еудадзугдæр сæ нихмæлæугутæ дæрæнгонд æрцæунцæ, уотемæй сæхуæдтæ ба дзæбæхæй райервæзунцæ. Уæд Хуцау нарти ралгъиста, æма сæбæл фуданз искодта. Уой туххæй кадæнги кæсæн:

*Хуыцау сын, зæгъы, сæ хин*
*куы базыдта,*
*Уæд сæ ралгъыста, æмæ сæ*
*хуымтæ*
*Бон цъæх куы кодтой,*
*æхсæв та – кæрдинаг.*
*Бон-иу кæрдынмæ куы*
*ацыдысты,*
*Уæд-иу сæ хортæ цъæхæй*
*ныййæфтой.*
*Æхсæв дæр-иу сæм куы*
*ацыдысты,*
*Уæд дæр-иу хуымтæ цъæх*
*фестадысты.*

Цийфæнди æлгъист кæд кодта Хуцау нарти, уæддæр уонæн сæ нифс нæ састæй æма идарддæр тох кодтонцæ уæлæрвти хæццæ.

«Æносон цардæй æносон кадæ хуæздæр æй!» – зæгъунцæ нартæ.

Нарти тугъдонтæ, сæ сæргъи Урузмæг, уотемæй фæттæй æхсунцæ, сæ размæ ци хуари будуртæ ес, уони. Æфсерæ куддæр фæббор уй, уотæ ’й сагелфат фæллух кæнуй æма цæттæй байзайуй.

Нартæн се ’ндаг бакаст æй æнæбасæтгæ. Е уобæл дзорæг æй, æма нартæ ке ’нцæ фæразон адæм, цийфæнди зин уавæрти дæр сæребари сæрбæл ке тох кæнунцæ.

***ХЪÆЦМÆЗТИ Евген.***
***1970 анз.***

*Аци фæрстæбæл мухур кæнæн, Туйгъанти Мухарбег Нарти кадæнгитæмæ гæсгæ ци хузтæ искодта, уонæй цалдæр.*


Ацæмæз


Курдалæгон


Урузмæги фæстаг балци

***ЦÆРУКЪАТИ Александр:***
***«Поэзи алкедæр æхердигонау лæдæруй: фæлгонцгин философи, уоди гъезæмарæ, дуйней рæсугъддзийнадæ, федауцæгæнæг хъаурæ... Уотæ зæгъæн ес, æма уомæн хумæтæг дзурдтæй, æвæдзи, зæгъæн дæр нæййес, адæймаг æй гъæуама æ уодикондæй æхуæдæг æхецæн исбæлвурд кæна... поэзи æй гъарæнгæ дæр æма цийни зар дæр. Хуæнхаг силгоймаги гъарæнгæ дæр кæдзос поэзи æй, уомæн æма***



ЦÆРУКЪАТИ Александр æ райгурæн гъæуи скъоладзаути хæццæ фембæлди рæстæг.

# Æ ДЗУБАНДИ АДТÆЙ РАСТ ÆМА ЗÆРДИАГ...



**ХÆБЛИАТИ Сафар**
(1933-2003),
финсæг, публицист

## ÆРДЗÆ ИН БАКОДТА РÆДАУ ХАЙ

Æ рæвдудгъæуагæ æма дæргъвæтийнæ царди фæстаг бæнтти уæнгæ Александр хайгин адтæй поэти тæккæ устурдæр амондæй æма хуæрзеуæгæй: поэзи ке æндавуй æма кæмæ гъаруй, етæ кæддæриддæр зæрдиагæй æнгъæлмæ кастæнцæ æ нæуæг æмдзæвгитæмæ. Æма сæ некæд фæффудæнгъæл кодта – хизтæй поэзий еуемæй иннæ æрттевагæдæр бæрзæндтæмæ. Поэзи ка лæдæруй, уонæй имæ æнæбахицæгæнгæ неке фæцайдæ: тæходуй, цума еци рæнгъитæ æз цæмæннæ ниффинстон; мæгуйраг æ бон æма уодигъæдæ, уæхæн хицæй имæ ка нæ бахицæ кодта.

Цийфæнди мæлгъæвзаг дзурдтæ ка фæййагора, уой бон дæр нæ бауодзæнæй Александри поэзий менеугутæ равдесун. Уæдта дзубанди поэзибæл ку цæуа, уæд уæхæн фæлтæрæнтæ æнæпайда 'нцæ; уой бæсти байевдæлæ, æ киунугæ ин рахатæ æма агъазиау райдзаст, рæсугъд æма бæллеццаг – кенæ зæрдрохсгæнæн, кенæ ба зæрдæунгæггæнæн – дуйней гъæбеси ранигъулдзæнæ.

Гъуди зæгъунмæ, сорæт исаразунмæ, менеуæг равдесунмæ ергæ ба кæми кодта тæмæнкалгæ, бæлвурд æма гъæздуг дзурдтæ? Никки æма никки куд нæ бацийнæ кæна адæймаг æ маддæлон æвзагбæл: ци дессаг æй, ци гъæздуг æй – æ хæзнатæн кæрон æма нимæдзæ ку нæййес! Æстæн финсæгæн си раттуй æрдзæ, Александрæн ке бакодта, уæхæн рæдау хай. Ци нæ лæдæрун, уæхæн дзурдбæл бамбалдтæн адæмон исфæлдистади, литературон уадзимиси – берæ рафæрсæ-бафæрси фæсте мæ каст æма нифс адтæй Александр, равардта æнæкъуæзгæ, бæлвурд дзуапп.

Аллихузон редактортæ бакустонцæ мæ киунугутæн дуйней рохс фæууинун кæнунбæл, аллихузон цæстæй кастæнцæ къохфинстмæ æма авормæ: ка билæскъелæй, ка цийнæй, аллихузон адтæнцæ сæ домæнтæ. Александр ба гъæуа-нæгъæуа еунæг гъудиадæмæ дæр нæ бавналдтайдæ, авторæн зунд байамонуни кенæ си дæснидæр ке æй, уадзимиси хъисмæт æ къохи ке æй, уой равдесуни туххæй: еугæр бавналдта, уæд айдагъдæр фæаййевдæр æма фæббæлвурддæр кæнуни туххæй.

Кæд имæ хуæрзеугутæ æма кадгин нæмттæ нимади нæ адтæнцæ, кедæрти хузæн сæ æхе цъухæй нæ агурдта, уæддæр хецауади лæвæрд адæмон поэти ном фæххаста Александр мæрдти бæстæмæ. Номæй кадгин ном бæргæ 'й, фал æ уодæгасæй – Иристони рагон нез – фагæ аргъгонд нæ адтæй æхецæн дæр æма е 'сфæлдистадæн дæр. Нур рандæй. Æма ми федарæй æругæс кæнуй: Иристонæн – раги уа æрæги уа – фæззиндзæнæй устур искурдиадæ лæдæрунгъон æма ин аргъ кæнунгъон, нæ маддæлон æвзаг æма културæ бæрзонд бунати бадуни туххæй нæ, фал зæрдæй ке гъæуй, уæхæн разамонгутæ. Æма уæд нæ фæсевæди ахургæнæн киунугути – райдайæн кълæстæй университети уæнгæ – конъюнктурон дзæнгæдай бæсти аккаг бунат байахæсдзæнæй Александри тæмæнкалгæ поэзи.



**ХОДИ Камал**
(1941-2021),
Цæгат Иристони адæмон поэт

## СОСЛАНИ ÆНДУРИ АВД ХУЗЕЙ ХУЗÆН...

1959 анзи Цæрукъати Александри æмдзæвгити нæуæг киунугæ «Арвæрдын» ку рацудæй, уæд æ кой цубур рæстæгмæ райгъустæй еугур Иристонбæл. Аййев дзурдмæ кадæриддæр барæ дардта, уони гъос æрахæста, уæди уæнгæ ке нæма бавзурстонцæ, уæхæн уæлмонц мурти æхцæуæндзийнадæ. Поэтæн æхе дзурдтæй дзоргæй – «сæ гъостæбæл рауадæй æнахур зæл...» Æмбурдгонд æцæг революций хузæн адтæй поэтæн æхе исфæлдистадон цардвæндагбæл дæр. Гъудитæ æма æнкъарæнтæ, æнæнгъæлти сорæттæ, зæрдæбæлæмбæлæг интонацитæ, дæр, интуитивон уагæбæл дæр кæрæдземæй æртаста мæнгæ æма æцæг. Нæ уарзта æстауæн, цæстæмæ гæсгæ дзурдтæ. Æма нин еци хузи дæр берæ хуæрзти бацудæй. Мæхецæн дæр цалдæр хатти адтæй редактор.

Мæ зæрдæбæл бадардтон еу уæхæн хабар. Мæ къохфинсти уæлгъос бадтан Александри хæццæ, редактор æма авторæн куд æнгъезуй, уотæ нæ куст кодтан. Александр сифгай хатта къохфинст, еуæй-еу хатт æрлæууидæ, уой размæ къариндасæй ке фæннисан кодта, еци феппайуйнæгтæбæл æрдзоруни туххæй. Æмдзæвгæ «Сыгъдæг гæххæтты раз», зæгъгæ, уомæ ку бахъæрттан, уæд рæнгъитæбæл æ цæстæ æрхаста, сифæ рахатта æма загъта:

– Уæхæнттæ дæмæ берæ нæййес...

Е адтæй æ тæккæ уæлиаудæр æстуд. Фал базуртæ сагъта лæгбæл, уомæн æма адтæй Цæрукъати Александри æстуд...

«Арвæрдын»-и фæсте ма поэт, ке зæгъун æй гъæуй, берæ киунугутæ рауагъта, еу æмбурдгондæй иннемæ æ искурдиадæ æхе æвдиста парахатдæрæй æма арфдæрæй, е 'сфæлдистадæ исциуавæрдæр уæлмонц гармоний исеу уогæй, Сослани æндури авд хузей хузæн, æмæрттивд æма тæбар-тубур кодтонцæ киунуги фæрстæй... Поэт нифсхастæй рарæдувта вульгарон социологизми хъадаматæ æма баргинæй æрлæудтæй æцæг аййевади надбæл. Беретæ дзурдтонцæ æма нур дæр фæззæгъунцæ, аци фæрнæйдзаг фæззелæн, дан, уой хæццæ баст адтæй, æма Александр – нæхе педагогон институти фæсте – Мæскуй А.М. Горькийи номбæл Литературон уæлдæр скъола каст ке фæцæй, цард алливæрсугæй ке фæууидта, берæ устур лæгти хæццæ ке базонгæ 'й æма фæллимæн æй. Ка 'й зонуй... Æнæуой, æцæг искурдиадæ æнæуой дæр берæ цæмæйдæрти бафтауй деси...

Мæ фæлтæри минæвæрттæй беретæ – уæди æригон автортæ – бæлдтæнцæ, сæ киунугутæн син редактор Цæрукъати Александр цæмæй адтайдæ, уомæ. Цæстуарзон, ауодæг хестæр нин адтæй. Сæйрагдæр ба – профессион хузисæй нæ културi федауцæдæр æма гъæздугдæр хæйттæй еу. Фал, мæнмæ гæсгæ, æ тæккæ бæллеццагдæр æнтæститæн сæрæвæрæн адтæй поэтикон киунугæ «Арвæрдын» – хуæнхаг сатæг саугæдонæ фæстагмæ æмбохгæ цæугæдони хузæн куд баскъуæлхуй, уой хузæн...



ЦÆРУКЪАТИ Александр исфæлдистадон фæсевæди хæццæ. Рахесæрдигæй разæй бадуй ХОСТИХЪОТИ Зинæ.



**ХОСТИХЪОТИ Зинæ**
(1937-1995),
финсæг, публицист

## ТÆХОДУЙАГ ÆЙ, РÆСТДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛ ÆНДИУДÆЙ КА ИСДЗОРУЙ!..

Ци хуæздæр арфæ зæгъон Цæрукъати Александрæн. Берæ хуарз дзурдтæ мæ фæндуй зæгъун, фал сæ тæккæ хуæздæр, мæнмæ гæсгæ, поэтæн æй æ зарагæ гъæлæси сæребарæдзийнадæ, æма ин уой уарзуй мæ цæстæ фиццаги-фиццагдæр. Еци сæребарæдзийнади адæ Александр æхуæдæг хуарз зонуй. Е 'сфæлдистадон артуадзагæ тухтæ унгæг рæстæги рæхисбаст адтæнцæ. Уæд хъæбæрдæр æнæуод, æнæбундор дзæнгæргутæ агурдтонцæ исфæлдистадон косгутæй æма еци домундзийнадæ æ зæрдæмæ ка райста, уонæн æнцон цæрæн, æнцон зарæн адтæй. Фал Александр еци «амондгунтæй» нæ адтæй. Е 'стур искурдиадæ ин барæ нæ лæвардта царди æнæраст гъуддæгутæмæ æ цæститæ бацъундæ кæнунæн. Барæ ин нæ лæвардта «уæрæйдæ» зарунæн. Поэт дзурдта рæстдзийнадæбæл, зæрдибунæй дзурдта доги æнæраст уавæртæбæл, дудзæсгондзийнадæбæл, кæд ин е уæлæнгæйтти нæ уадæй, уæддæр.

Рæстæги цæсгон сау гъолæнттæ ку уа, уæд сæ сæртæ исдарунцæ аллихузон думæгстæргутæ æма сæхецæн нæдтæ фæккæнунцæ, уонæй искурдиадæгиндæр, намусгиндæр ка уа, уони ба дæлдæр бунати æвæргæй. Уæхæн нæдтæ сæхецæн беретæ фæккодтонцæ Александри исфæлдистади хъауритæй. Берæ хæттити æнадæ кодтонцæ æ цард нæ поэтæн, æ реуидзаг исуолæфуни барæ ин нæбал лæвардтонцæ.

Æма абони е 'сфæлдистади нæргæ уадзимисти æмрæнгъæ лæмæгъдæртæбæл дæр ке фембæлæн, уоми фудгин кæнæн унгæг догæ æма æ уæрдуни бадгути. Фал уæддæр тæходуйаг æй нæ поэт, æ хуæздæр уадзимистæ, æ алæмæти дессагдзийнадæй зæрдæмæгъаргæ лирикæ, мæ бон æй федарæй зæгъун, аккаг æнцæ дуйнеуон литератури хуæздæр уадзимисти æмвæрстæ æрæвæрунæн.

*Царды цалх æвзист фæндагыл тулы*
*Æмæ йыл исчи ног исты зæгъæд!*

Уотæ финстай кæддæр дæхуæдæг, Александр, дæхуæдæг дæ исфæлдистадæй дзуапп равардтай дæ кæддæри аци фæдздзурдæн...

Зундгонд финсæг æма публицист Тогъузти Иласи фурт Газакки (æ литературон фæсномуг Илас Æрнигон) райгурдбæл 10 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1888-1938).

*ин е æ уоди рæбунтæй рацæуй. Æрдзи фæззиндтитæ, царди змæлд адæймаг æ уодмæ хæстæг райсуй, æма ’й бакæнунцæ сæ дæлбарæ. Мæнæн етæ еугурæйдæр æнцæ уоди тухстдзийнади, гъезæмари хуасæ. Æмдзæвгæн æ финсуни рæстæги цийнæдзийнадæ фенкъарун, финст ку фæууй, уæдта æруазал ун, уæдта бабæй нæуæгæй сор хуаси хузæн испæрт кæнун... Æма бабæй нæуæгæй – гъезæмарæ... Уæдта уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма поэзи æй уодкæдзосгæнæн хъаурæ...»*



# ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр:
## *«Мæ кæддæры сызгъæринæфцæг уадындз Ныххауд бынмæ, æмæ йын сисæн нæй...»*


ЦÆРУКЪАТИ Александр (рахесæрдигæй) Мæскуй литературон институти ахури рæстæг. Астæуæй – поэт Евгений ЕВТУШЕНКО.

### БОНИВАЙÆН

Æхсæвон тар фæсвæд, сырдау, фæхъуызы...
Мæ фыд, ды дæ? Æви мæ цæстыл уайыс?
Æндæргау кæд æрцыд æвдиу дæ хуызы?..
Хур слæгæрды – нæ лидзыс ды, нæ тайыс...

Нæ кулдуармæ куыд февзæрдтæ мæ разы,
Цæмæн худыс дæ мидбылты дæ фыртмæ? –
Мæрдтæм фæдæ кæд йе ’лгъыстæй фыдазым,
Кæд никуы ’рзынд дæ сагъæссаг мæнг цыртмæ?

Мæ бон кæсын куы нæу дæ рухс цæсгоммæ!..
Хур... сивгъуыдта... Сæ сæртæ судзынц хæхтæн.
Æрхаудтæн уадзыгæй дæ къæхты бын дæлгоммæ,
Дæ къæхты бын, дæ ауунау, ныддæргъ дæн...

1955

### МÆНМÆ ИС ИУ БÆЛЛИЦ...

Адзалыл, чи зоны, æмбæлон...
Куы ’рцъынд уа а зæххыл мæ цæст,
Кæнæ та дард бæсты куы мæлон, –
Мæнмæ ис иу бæллиц æрмæст...

Мæнмæ ис иу бæллиц: уæлмæрдæн
Æз райсин сау хæхты лæгæт, –
Куы ’рцæуин уарзондæр æмгæрттæн
Сæ къухæй айнæгыл ныгæд...

Цæмæй йæ хай æз бауон æрдзæн,
Йæхирдæм байса мæн нæ хох...
Мæ сæрмæ – урсдзыкку æхсæрдзæн,
Мæ бынмæ – сатæг хъæды къох...

Цæмæй-иу хурзæрины скастæй
Мæ фарсмæ ссудза стыр мæсыг,
Хæххон зымтæн сæ сæууон уасты
Æнкъарон цинад æмæ хъыг.

Æврæгътæн се скъуыдты уæлиау,
Æмбæхсдзæн арвæйгуырд цæргæс...
Куы зара хуссарварсæй фыййау, –
Мæн уа йæ уадындзы хъæлæс.

Цæмæй дзæбидыртæ мæ цурты
Кæной сыкъакъæрцгæнгæ дугъ,
Æвзила дымгæ сау къæйдурты,
Мæ уæлæ згъора уады ’фсургъ.

Цæмæй мын дидинджытæн къулæй
Сæ улæфт рог уддзæф хæсса,
Цæмæй мæм бæрз бæлас сæркъулæй,
Йæ налхъуыт згъалгæйæ, кæса...

Нæ рæгътæ – ме ’руад буар, нæ дæттæ –
Мæ туджы байсысинаг цъыртт.

Мæ ингæн фестут-иу, нæ кæмттæ,
Нæ хæхтæ, фестут-иу мæ цырт!

1957

### ФАЗЗÆТТÆ

*Симды зарæг*

Уæ, уæлæ иу хъæдыл дыууæ балы,
Уæдæ сæм иу дæр куыннæ ’вналы!
Гуызмайы чызджытæ фаззæттæ,
Нырма сын нæма ис уарзæттæ.

Зæгъон æй, куы нæу уæлдай хъуыддаг –
Иуыл дзы фембæлдтæн айфыццаг.
Йæ ном мын Зæринæ бæргæ хуынди,
Фæлæ мыл æмбисонд цæмæ ’рцыди?

Ызнон сæ иумæ æз ауыдтон,
Зæринæ кæцы уыд, уый нал зыдтон.
Бынтондæр иухуызон – дыууæ цæстау.
Уындæй та – тасаг бæрз бæлæстау.

Нæ иртасын иуæй сæ иннæйы.
Иу хатт ма куы ссарин Зæринæйы –
Мæ лæвар сæрбæттæн бабæттид,
Йæ хоимæ ивддзаг нал кæнид.

1953

### РОХ СИМФОНИ

Мæ хъустыл ауайы æнахуыр зæл...
Кæцæй уа уыцы диссаджы мелоди?
Кæддæр ныууагътон иу фæндыр дзæгъæл,
Бынтондæр ыл æз бакодтон уæд хъоды.
Æз уымæн нал уыдтæн æгас æнхъæл...

Ныр ыл цымæ кæй къух æрзылд сындæг,
Æви йын дымгæ бавнæлдта йæ тæнтæм?..
Мæ цуры быдыры гæмæх быгъдæг
Кæд фестади уыгæрдæны тъæпæнтæ,
Æмæ дзы уддзæф алидзы фæйнæрдæм.

Изæрсатæджы суадоны хуылфæй
Æрыгон стъалытæ цæхæр æппарынц.
Сæ астæу та – сырхзынг дзæмбыйау мæй, –
Мæ кæддæры сызгъæринæфцæг уадындз
Ныххауд бынмæ, æмæ йын сисæн нæй...

Кæцæй у уыцы зæл? – Фæндырæй нæу:
Уый – уды тугдадзин кæд ризгæ тоны, –
Æвæццæгæн, æрымысыдтæн дæу,
Дæ сурæт мæ кæдæмдæр дардмæ хоны.
Уый райгас и кæддæры рох симфони.

1957

### * * *

Цæнгæтуафс хæдбынты
Цæуын та, æнцайгæ æфсæйнаг лæдзæгыл,
Æнæсгæрст хъæдбынты.
Кæм ахизын дæттыл, кæм айнæг æфцæгыл...

Кæмæн æй ныхъхъарон,
Раст хауыли сихау æлгъыстæй кæй хилын?
Мæхи хъуамæ ссарон –
Мæ рагбонтæй ардæм æз агурæг зилын!

Хъус ахсы кæйдæр хъæр:
«О, тагъддæр! Мах иумæ – æмбæлццон, æмхæтæг» –
Уый сидын кæцæйдæр
Фæлмæхгæд дæрддзæфæй мæхимæ мæхæдæг!

Кæд мидæй, æддейæ,
Дæлдзæхæй, уæлæрвтæй æртæхы мæ азæлд?
Уæлæрдзон дунейæ,
Йе космосы арфæй мæ уды зынг растъæлд?

Æмтъеры гуылфæнты, –
Æвæццæгæн, хаосы зилдухы хъазын...
Мæн, оххай, куыд фæнды
Уым ме ’цæг æфсургъы йæ барцæй æрцахсын!

Æрвайдæн – тæмæн ирд...
Æмбæхст лабиринттæ йæ фæрцы куы сгарин!
Цы диссаг æрцæуид –
Æппынфæстаг искуы мæхи æз куы ссарин!

Фæхуынкъ и цæнгæт уафс,
Мæ лæдзæг æмбисмæ ныйихсыд, нырдæгау...
Цæрдудæй – æнæ тавс,
Æз – хурсыгъд, дымгæхус æнусон æндæргау!..

1981

### УЫЦЫ ’ХСÆВ

Нæ пецы сæр æхсæвсудзæн цырагъ
Фæцæйхуыссы, йæ мидбынаты стъæлфы.
Æддæ – гуыр-гуыр... Ныллæууыд къæвда сах,
Нынниуы дымгæ, цары къуымты стæлфы...

Нæ æргъ зæхбыныл уарыны дон смал...
Нæ мад æвæры тæдзынджытæм къустæ.
Хъаймæт æрвгæлæн нал æнцайы, нал, –
Кæнынц къуырма йæ сонт цæлхъытæй хъустæ.

Нæ хъуг ныууасы хъомдонæй уынгæг,
Йæ рæуæд силлæг стъолы къахмæ бастæй.
Нæ хъарм хуыссæн – уырындыхъгонд сынтæг,
Мах, сабитæ, нынныгъуылдыстæм тарстæй.

Æмæ та ногæй – футт æмæ зыввытт,
Нæ рудзынджы хъæдын æмбæрзæн фегом.
Цæхæрдзых сау кæфхъуындары сыффытт,
Фæцарæзта нæ къæсы хуылфмæ йе ’ргом...

Мæ мад – мæнгуырнæг, кувгæйæ лæууыд...
Кæмæй куырдта ныфсæвæрды фæрæз та?
Зыдтон, нæ фыд йæ дард фæндагыл уыд,
Æмæ йæ уый Лæгты дзуарыл фæдзæхста.

Нæ къул нын хоста сау мæйдары уад.
Дзынæзта тыргъ, цыд бæлæстæн сæ къæс-къæс...
Мæ цæсты баззад уыцы ’хсæв нæ мад –
Æрвæрттывды фæлурсдзæсгом, зæдæнгæс...

1978

### БÆЛАСЦÆГЪДÆН

*Парчы цады был æмæ уынгты цы стыр рæсугъд бæлæстæ калд æрцыд, уыдон мысгæйæ.*

Бæлæсты калынц, æгъатырæй калынц.
Се ставд, сæ уддзынты равзарынц барæй.
Не згъæлы се ’ртæх – сæ цæссыг ныккалынц,
Æмæ ныффæлдæхынц, ниугæ, бындзарæй.

Уыдон фарс чи ма, цы зæххон фæхæцдзæн?
Тæгæртæ дзурынц уæлхъæдæй мæлгæйæ:
«Мах-иу уыдыстæм йæ цъæх фидауц æрдзæн,
Арвмæ тындзыдтам, æврæгътæм бæлгæйæ...

Хъахъхъæдтам сахар æгъатыр дымгætæй,
Хъахъхъæдтам хæдзæрттæ их-къæвда, уадæй...
Чи ма сæ бахиздзæн миты бырдæнтæй,
Сурдымы футт æмæ сонт хуры артæй?

Сабыр нæ кодтам нæ сатæг сыр-сырæй
Сусæны бонты фæлвых уынгты, парчы.
Уддзæф кæуыл ма æрцæгъддзæн фæндырæй,
Заргæ, фæсизæр йе райсомæй раджы?

Къаннæг цæрæгойтæй уæвгæ кæй бон циу?
Чи ма-иу сиддзæни уалдзæджы мæргътæм?
Адæмæн се ’мдзæр мæгуырæг сырддонцъиу
Йе ’хсæв кæм æрвитдзæн боны фæцъæхтæм?

Зулæвæрд, оххай, кæд фестæм, кæй цæсты,
Чи нæ ныккодта тæгæлсаст, æрхъистæ?
Садзынц хуыздæрæн нæ бынып нæ бæсты Архзæнг,
фыдцъылыз, бынмæдзыд хæристæ!..»

Бæлæстæн не ссæндынц се ’взæр, сæ цаудты,
Фæрæтты къуппытæм хырхытæ зарынц.
Бæлæстæн калынц сæ тæккæ егъауты –
Цыма куырыхон пехуымпарты марынц.

1979

**Фæсарæнти цæрæг зундгонд уруссаг финсæг Гæздæнти Ивани фурт Гайтой (Геуæргий) райгурдбæл 6 декабри исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1903-1971). Æ уадзимистæй кæцидæртæ тæлмацгонд æнцæ ирон æвзагмæ дæр.**

* * *

***Фидæ дзоруй æ фуртмæ:***
***– Ацæмæз, мæ хори тунæ, равдесай мæмæ дæ бонуг.***
***– Ами мин нæй, папæ, Валерикмæ ’й рæстæгмæ равардтон, æ фиди тæрсун кæнунмæ...***

* * *

***Уосæ фæрсуй æ лæги:***
***– Зæгъай, æз зарун ку райдайун, уæд ду балкъонмæ цæмæн фæлледзис?***
***– Цæмæй синхæнттæ ма фенгъалонцæ, фæннадтон дæ æма уой туххæй кæуис.***

## ДÆХЕ ЗОНÆ, ФАЛ ÆНДÆР ЕСКЕ ДÆР ДИН БИЛÆЙ ГÆЛДЗУЙНАГ МА УÆД!..



# КАДÆР ЦИДÆР ЗАГЪТА, ÆМА...

*Еу афицери уосæ, дан, номдзуд балхон Александр Суворовмæ æ лæгбæл багъаст кодта:*

*– Мæ сæрихецау мæ еудадзугдæр æфхуæргæ кæнуй!..*

*– Е мæн гъуддаг нæй, – загъта ин Суворов.*

*– Гъо, фал дæ фæсауонмæ дæу фудкой дæр фæккæнуй!..*

*– Е ба дæу гъуддаг нæй, хуарз уосæ!..*

*Гъе дин æцæгæй зундгин лæги дзуапп. Ду ба, цидæр уæхæн уавæрти бахаугæй дæхе куд дардзæнæ? Уомæн дин, ка ’й зонуй, еуцæйбæрцæдæр фæййагъаз уодзæнæнцæ мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дæр.*

**1. Телефонæй ке фæдздзурдтай, уой фæдбæл феддон раги бафистай, фал дæмæ уæддæр æрбарвистонцæ гæгъæди, кæцимæй дин игъосун кæнунцæ, дæ ихæс бафедæ, зæгъгæ. Уæхæн уавæри:**

а) Кæцæй мæмæ ’й æрбарвистонцæ, уордæмæ ’й рарветдзæнæн, мæ ихæс ке бафистон, уой туххæй квитанций къопи – 1;

б) феддонти хайадæмæ бадзордзæнæн, цæмæй еци æнæлæдæрд уавæр исбæлвурд кæнонцæ – 2;

в) еци гæгъæди мæмæ ка æрбарвиста, уони уæлдæр разамундмæ æнæмæнгæ багъаст кæндзæнæн, уæхæн æведауцæ миути туххæй – 3.

**2. Дæ идæрдтаг хеуæнттæ кæмидæрти кæнунцæ цидæр æбау дандунтæ дæу туххæй æма уой базонгæй:**

а) гъай-гъайдæр, еци гъуддаг син нæ ниххатир кæндзæнæн – сосæггай си мæ маст райсдзæнæн – 2;

б) еци адæймæгути комкоммæ бафæрсдзæнæн, цитæ кæнунцæ, уой фæдбæл – 3;

в) мæ гъудий дæр нæ ’нцæ – цитæ ба уæд нæ дзæнгæда кæнунцæ адæм – 1.

**3. Дæ хæстæг дин дæ райгурæн бонмæ фæдфæди балæвар кæнуй еци еу лæвар.**

а) уотæ, æвæдзи, сæрмагондæй бакæнуй – 1;

б) уæддæр бацийнæ кæнун æ лæварбæл – 3;

в) расагъæс кæндзæнæн, æ хæццæ ма идарддæр дæр рахастдзийнæдтæ дарон æви нæ, уобæл – 2.

**4. Дæ цардæмбали хæццæ карз хъаугъай фæсте:**

а) лæмбунæг æркæсун, цæмæн уотæ рауадæй, уомæ – 2;

б) тæргай кæндзæнæн, цалинмæ ми хатир нæ ракора, уæдмæ – 1;

в) цæй хъаугъа æма æндæр – цидæр хабæрттæ нин нæ кæрæдзей æрлæдæрун кæнунцæ – 3.

**5. Циуавæр хузæ дин æй уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр?**

а) цъæх – 3;

б) сурх – 1;

в) кæрдæгхуз – 2.

**6. Иуазгутæ уæмæ ’рбацудæнцæ æма син дæ мадæ ходæгæн ракодта, дæ сабийдоги дæбæл ци æфсæрмиаг цау æрцудæй, уой хабар. Е дæмæ куд фæккæсдзæнæй?**

а) е уодзæнæй фæййигъæлдзæгдæр унæн еума рæуонæ – 1;

б) мæ фурæфсæрмийæй истухсдзæнæн – 2;

в) зæгъдзæнæн син, еци койтæ некæми гъæунцæ, уой бæсти æндæр естæй туххæй дзорæнтæ – 3.

* * *

**Нур ба банимайетæ уæ равзурст дзуæппитæмæ гæсгæ баллтæ æма искæнæн еумæйаг хатдзæг.**

**6-9 балли.** Хъæбæр зинтæй æй уæ бон хатир кæнун. Æгæр уæлиау дæмæ ’нцæ дæхемæ дæр æма иннетæмæ дæр домæнтæ. Уомæ гæсгæ ба дæхе ахид хатис фудæнгъæлцæй. Беретæ дæ рази уогæй истухсунцæ.

**10-14 балли.** Хъаугъай фæсте дин хъæбæр зин фæууй уой феронх кæнун. Фал, дæ зæрдихудти ка бацудæй, дæ еци æмбал кенæ æмгустæгнæг уой фæсте дæ хæццæ зæрдхæларæй радзубанди кæнунмæ ке фæгъгъавунцæ, е, ка ’й зонуй, фæййагъаз уодзæнæй дæ рахастдзийнæдтæ нæуæгæй исхуарз кæнунæн.

**15-18 балли.** Уойбæрцæбæл нæ уарзис еске хæццæ хили-мулити ун, æма цæттæ дæ еугуремæн дæр хатир кæнунмæ. Е лæгъуз менеуæг нæй, фал уæддæр хаттæй-хатт ба карздæр ун гъæуй.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Циуавæр сахари æй номдзуд уæрæсейаг курорт, кæцимæн æ фæзуати цуппаринсæй процентти ’нцæ уæлдай гъæуайгонд рауæнтæ, сæ хæццæ Кавказаг æрдзон биотумбулæги тобæгонд.**

**а)** Геленджик. **б)** Сочи. **в)** Пятигорск.

**2. Еу къолдох, бустæги æнахургонд уогæй, æхе худта монарх. Фал, еци гъуддаги цидæр рæстмæ нæй, зæгъгæ, ибæл фæссекк æнцæ. Ка адтæй?**

**а)** Степан Разин. **б)** Емельян Пугачев. **в)** Иван Болотников.

**3. Номдзуд финсгути ’хсæн рахастдзийнæдтæ алкæд лигъз нæ уиуонцæ. Зæгъæн, Михаил Салтыков 1875 анзи æ финстæги комкоммæ куд финста, уотемæй Лев Толстойи романтæй еуемæй æ исæфт уиуй, уомæн æма ’й нимайуй «цъамар æма æгъдаулхалæн» уадзимисбæл. Циуавæр игъустгонд романи туххæй æй æ еци загъд?**

**а)** «Тугъд æма сабуйрадæ» («Война и мир»). **б)** «Анна Каренина». **в)** «Райгас» («Воскресение»).

**4. Шахмæттæй гъазунæй дуйней чемпионтæй еу е ’мгæртти хæццæ дзубанди кæнунмæ арази кодта, æцæг айдагъдæр æ уарзон гъазти ку дзурдтайуонцæ, уæд. Æ мадæ ин æ зунди уавæрæн æгæр ке тарстæй, уомæ гæсгæ ин газетти мухургонд игъосункæнуйнæгти фæрци агурдта æ фурти хæццæ архайунгъон æмбæлттæ. Шахмæтон паддзæхтæй ке туххæй цæуй дзубанди?**

**а)** Бобби Фишер. **б)** Александр Алехин. **в)** Вильгельм Стейниц.

**5. Америкаг силгоймаг Минди Крэндалл еухатт бакодта æ царди, зæгъун æнгъезуй, тæккæ æверхъаудæр миуæ, кæций фудæй фенæхай æй лотерейæй æ бон ци фондзсæдæ нæуæдзæ миллион доллæри рамолун адтæй, уонæй. Уанæбæрæг ци бакодта?**

**а)** Æ билет балæвар кодта кæмæндæр. **б)** Фесафта æ билет. **в)** Билет балхæнунмæ кезуй лæугæй, æ разæй æндæр кедæр бауагъта æма е балхæдта еци билет.

* * *

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети 45-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

1. Тог. 2. Дзумари. 3. Пеликан. 4.Фордæй. 5. Суворов.

## В МИРЕ ИНТЕРЕСНОГО

Автомобилю, движущемуся со средней скоростью 60 миль в час, потребовалось бы примерно 48 миллионов лет, чтобы достичь ближайшей к нам звезды (после Солнца) Проксимы Центавра.

* * *

**Самая большая в мире поваренная книга называлась «Пирующие ученые». Ее автором был Атеней. Из 30 томов сохранилось только 15.**

* * *

Развитие растения – паразита «Раффлезия Арнольда» происходит очень медленно, до нескольких лет, а цветок живет лишь 2-4 дня.

* * *

**У шакалов на одну пару хромосом больше, чем у собак и волков.**

* * *

На центральной площади канадского городка Глэндон возвышается его официальный символ – вареник высотой 9 метров и весом 2700 кг.



* * *

**Ислам насчитывает пять основных столпов. Первый – иман, слова «Нет бога кроме Аллаха, и Магомет пророк его». Второй – салят, ежедневная молитва. Третий – саум, пост в праздник Рамадан. Четвертый – закят, ежегодное пожертвование сороковой части дохода в пользу бедных. Пятый – хадж, паломничество в Мекку.**

* * *

Сыр рокфор покрыт плесенью «пенициллиум рокфорти».

* * *

**Австрийский писатель Франц Кафка завещал после своей смерти сжечь все его произведения.**

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2701**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 08.12.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 08.12.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**